



Kesyon Moun Poze Souvan sou Liy Telefòn pou Sante Mantal la pou Pwofesyonèl ak Lòt Moun k ap Ede

1. Ki sa Liy Telefòn pou Sante Mantal nan Massachusetts la (BHHL) ye?

Liy Telefòn Sante Mantal pou Massachusetts la (BHHL ann anglè) se pwen kontak la kote moun ak fanmi ka jwenn sipò layv, yon premye evalyasyon pwofesyonèl, ak rekòmandasyon pou bonjan evalyasyon ak tretman yo bezwen pou pwoblèm sante mantal oswa abi dwòg.

2. Ki jan I mache?

BHHL la disponib 24 sou 24 chak jou, 365 jou pa ane nan telefòn oswa mesaj tèks nan 833-773-2445 (BHHL), oswa w ka tchat anliy nan masshelpline.com. Chak apèl, chak mesaj tèks, oswa chak konvèsasyon gen ladan I yon suivi pwofesyonèl epi anplwaye yo pral rete sou liy nan avèk moun ki rele a jiskaske yo jwenn sèvis yo bezwen an.

3. Apati ki lè li fonksyonèl?

BHHL la te kòmanse fonksyone apati 3 janvye 2023.

4. Ki lang mwen ka itilize?

BHHL la ofri sèvis entèprèt layv nan plis pase 200 lang. Moun ki soud oubyen ki tande di ka kontakte MassRelay nan 711.

5. Konbyen I koute?

BHHL la gratis epi I disponib pou tout moun ki rete Massachusetts, kèlkeswa kapasite yo genyen pou yo peye, kit yo gen asirans kit yo pa gen asirans.

6. Kiyès ki reponn apèl yo fè nan BHHL la?

BHHL la se yon sèvis leta Massachusetts la ofri epi se Kolaborasyon Sante Mantal Massachusetts la (BMHP) ki jere I. Moun k ap travay nan BHHL la se pwofesyonèl ki byen fòme ak espesyalis ki sètifye pou yo soutni tout moun ki rele yo, kèlkeswa bezwen yo genyen.

7. Ki jan ekip BHHL la detèmine nivo risk?

Anplwaye BHHL yo jwenn fòmasyon pou yo fè evalyasyon risk konplè avèk zouti evalyasyon standa. Sou baz nivo ak gravite sitiyyasyon moun ki rele a, yo klase nivo risk la nan yon kategori, swa 'fèk kòmanse', 'ijan', oswa 'woutin'.

8. Apre yon moun fin rele BHHL la, ki pwochèn etap li pral suiv?

Anplwaye BHHL yo ap refere moun nan selon nivo risk yo jije I genyen dapre

evalyasyon risk la. Si yo jije I ‘fèk kòmanse’, repons lan kapab rele 911 oswa ekip Entèvansyon Kriz Mobil la. Si nivo risk la se ‘ijan’, repons lan gendwa pou rele ekip Swen Ijans Sante mantal la. Si nivo risk la se ‘woutin’, yo gendwa konekte I avèk youn nan 25 Sant Sante Mantal Kominotè (CBHC) yo fèk fè oswa yon lòt founisè swen pou yo ka pran yon randevou avè I. Mete sou sa, anplwaye BHHL yo konn sèvi ak Aksede Sante Mantal Massachusetts (MABHA), resous 211 yo, ak lòt zouti ki déjà genyen pou ede moun ki rele yo jwenn resous yo bezwen (pa egzanp, transpò, èd pou pran swen pitit yo, oubyen manje).

9. Kisa yon ‘tranzisyon swa’ ye?

Lè anplwaye BHHL la ap refere yon moun bay yon lòt pwofesyonèl oubyen resous, anplwaye a gendwa rete sou liy nan ansanm ak moun ki rele a pandan I ap konekte I ak pwochen pwofesyonèl la oubyen resous la. Anplwaye BHHL la pral bay rezon ki fè y ap rele a epi I ap bay enfòmasyon sou ki bezwen moun ki rele a genyen. L ap rete sou liy nan jiskaske yo fin finalize pwochen etap yo pou moun ki rele a. Anplwaye BHHL la pral fè yon suivi avèk moun ki te rele I la yon fason pou asire yo reyisi fè yon transfè swen ki swa.

10. Ki lè yon pwofesyonèl oubyen yon lòt moun k ap ede dwe refere yon moun nan BHHL la?

- Lè yo detèmine gen yon bezwen sante mantal ki ijan oubyen ki woutin.
- Lè yon moun nan detrès emosyonèl, san I pa gentan ‘fèk kòmanse’, epi I bezwen plis evalyasyon sante mantal toujou.
- Lè yon moun gen difikilte pou I navige diferan sèvis sante mantal ki genyen oswa pou ede I detèmine ki tretman oubyen ki sipò li bezwen.

11. Ki jan 988, 211, ak 911 travay ansanm ak BHHL la?

Ekip 988, 211, ak 911 yo ap travay ansanm pou yo fè tranzisyon swa avèk BHHL la, swa pou voye bay BHHL la, swa pou resevwa apèl nan men yo, lè sa apwopriye pou ede moun ki rele a avèk bezwen I genyen.

12. Èske yo gen pou yo distribye materyèl?

Materyèl, tankou afich, bwochi, ak kat kontak, disponib nan 12 lang nan Sant Dechanj Pwomosyon Sante Massachusetts la nan www.mass.gov/MAClearinghouse.

Pou w aprann plis, al gade masshelpline.com.